

DWA TRAVAYÈ MANJE FASFOUD YO NAN VIL NEW YORK


Selon **Lwa San Patipri pou Semèn Travay** la nan Vil New York la (Fair Workweek Law), patwon yo dwe bay travayè yo orè ki previzib ak chans pou yo travay pou plis èdtan. **Kounyeya, lwa a entèdi revokasyon ki pa jistifye.** Sitou, patwon pa kapab revoke oswa revoke pou yon ti tan oswa redui lè travay yo pou plis pase 15% san rezon ki jistifye oswa san yon rezon ekonomik ki valab. Patwon yo dwe afiche avi sa a kote anplwaye yo kapab wè li fasilman nan chak espas travay nan Vil New York.

Lwa a Pwoteje Travayè Manje Fasfoud yo


Anplwaye ki fè omwen youn nan travay sa yo nan yon etablisman manje fasfoud nan Vil New York:

- netwayaj
- kizin
- sèvis kliyantèl
- preparasyon manje oswa bweson
- livrezon deyò
- travay antretyen woutin
- sekirite
- depo pwovizyon oswa materyèl

Lwa a aplike kèlkeswa sityasyon imigrasyon an.



Dwa Ou Genyen yo



Pa gen revokasyon oswa rediksyon èdtan san rezon ki jistifye (Anvigè 4/Jiyè/2021)

Eksepte pou konpòtman ki ilegal oswa ki reprezante yon danje, patwon yo:

- Dwe bay travayè ki te pase peryòd pwobasyon pou reyadaptasyon yo a ak yon opòtinite pou yo amelyore.
- Ka sèlman revoke travayè ki pa bay bon randman yo apre yo fin ba yo plizyè avètisman disiplinè nan yon lane.



Pa gen revokasyon pou yon ti tan eksepte pou rezon ekonomik (Anvigè 4/Jiyè/2021)

Revokasyon pou yon ti tan yo dwe fèt nan lòd alanvè pou moun ki ansyen yo, epi travayè ki bay sèvis yo pandan pi plis tan yo dwe revoke pou yon ti tan an dènye.



Priorite pou travayè ki revoke pou yon ti tan yo oswa travayè aktyèl yo pou yo travay nan orè ki fenk disponib yo

- Patwon ou a dwe anonse orè travay ki louvri yo sou afich nan restoran an epi pa tèks oswa pa imèl.
- Patwon ou a ka anplwaye nouvo travayè sèlman si pa gen okenn travayè ki revoke pou yon ti tan oswa travayè aktyèl nan Vil New York ki aksepte orè yo nan dat limit ki afiche a.



Eksplikasyon alekri pou revokasyon, rediksyon èdtan, oswa revokasyon pou yon ti tan (Anvigè 4/Jiyè/2021)



Orè regilye alontèm ki ekri

Orè regilye ou a dwe estab chak semèn pou ou ka konnen ki lè yo konte wè ou vin travay. Patwon ou a dwe ba ou yon orè regilye ki ajou pou si genyen chanjman.



2 semèn preyavi nan orè travay la

Orè travay yo dwe montre tout orè yo pou omwens 7 jou sivil epi yo dwe montre orè regilye ou a, sof si ou te mande oswa te dakò ak nenpòt ki chanjman.



\$100 kòm prim pou travay nan orè "fèmen-ouvè" (clopening) yo epi dwa pou di non

Yon fèmen-ouvè (clopening) se lè ou fèmen epi louvri yon restoran ak yon orè travay youn deyò lòt. Ou ka dakò travay epi jwenn prim oswa ou ka refize.



Patwon an dwe bay prim pou chanjman orè ki gen mwens pase 14 jou avi ak dwa pou di non ak èdtan anplis yo

Kantite avi a	Pri pou èdtan anplis yo	Pri si pa gen enpak sou èdtan yo	Pri pou èdtan ki redui yo
Mwens pase 14 jou avi	\$10 pou chak chanjman	\$10 pou chak chanjman	\$20 pou chak chanjman
Mwens pase 7 èdtan avi	\$15 pou chak chanjman	\$15 pou chak chanjman	\$45 pou chak chanjman
Mwens pase 24 èdtan avi	\$15 pou chak chanjman	\$15 pou chak chanjman	\$75 pou chak chanjman

Ou pa renonse ak dwa prim ou an lè ou dakò ak yon chanjman orè.

Prim lan pa obligatwa lè:

- Patwon ou a fèmen akòz: menas pou sekirite travayè oswa pwopriyete patwon an; echèk nan sèvis piblik la; fèmanti transpò piblik la; dife, inondasyon, oswa lòt dezast natirèl; leta deklare eta dijans.
- Ou mande yon chanjman orè pou travay alekri.
- Ou boukante orè travay ak yon lòt anplwaye.
- Patwon ou a dwe peye lè siplemanntè pou yon chanjman orè travay.

Okenn Revanj

Li ilegal pou pini oswa revoke anplwaye poutèt yo ap egzèse dwa yo dapre lalwa. Travayè yo ta dwe kontakte imedyatman Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè a (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP) sou revanj la.

Depoze yon Plent

Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè a (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP) ranfòse lwa a. Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou depoze yon plent:

- Vizite nyc.gov/workers
- Kontakte **311** (212-NEW-YORK deyò Vil New York) epi mande pou "Fair Workweek Law" (Lwa san Patipri pou Semèn Travay)
- Voye imèl bay OLPS@dca.nyc.gov

DCWP pral kenbe idantite ou ansekrè sof si lalwa egzije pou li revele l.

Ou kapab depoze tou yon plent nan tribinal. Men, ou pa ka gen yon plent ak DCWP epi yon reklamasyon nan tribinal an menm tan.